

Gid pou Izolman pou Varyòl Senj

Enstriksyon pou moun ki gen viris pòksviride yo oswa viris mpox.



Izole jiskaske tout blesi yo geri, kal yo tonbe, epi jiskaske yon lòt kouch po entak tou frèch fòmè (jeneralman 2-4 semèn).



Rete lakay ou sof si gen ijans oswa ou gen randevou pou w al pran swen medikal.



Si sa posib, sèvi nan yon lòt douch apa si gen lòt moun ki abite nan menm kay la.



Mete yon mas oswa yon respiratè ki byen adapte si w bezwen rete bò kote lòt moun nan kay la.



Netwaye ak dezenfekte sifas yo manyen souvan yo avèk yon dezenfektan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (Environmental Protection Agency, EPA) anrejistre.




Lave men w ak dlo ak savon epi sèvi ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.



Evite tout aktivite seksyèl.



Evite kontak sere ak lòt moun ansanm ak bèt ki nan kay la.



Evite sèvi ak lantiy kontak pou evite enfeksyon nan je.



Evite raze pati nan kò a ki gen bouton oswa blesi pou anpeche viris la simaye.



Adapte sou [Centers for Disease Control and Prevention](https://www.cdc.gov).
Pou plis enfòmasyon, vizite nj.gov/health/monkeypox.